



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOCHEN FAZ ESTRATEJI LOJMAN ALONTÈM
NAN AP KONSANTRE SOU OGMANTASYON APWOVIZYÒNMAN LOJMAN NAN
VIL NEW YORK**

Pandan l ap kontinye apwoch lojman alontèm nan tout eta a, Diskou Gouvènè Hochul sou sityasyon eta a an 2024 la mete aksan sou bezwen ijan pou ogmante apwovizyonman lojman nan Vil New York

Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon an pou ensite nouvo konstriksyon, ankouraje lojman nan pri abòdab nan konvèsyon biwo yo, pèmèt plis fleksibilite nan dansite rezidansyèl, epi legalize apatman nan sousòl ak kav ki egziste yo

Nouvo envesman 500 milyon dola a ta fè konvèsyon sit eta a posede yo avanse a jiska 15,000 nouvo inite lojman atravè Eta New York

Pwopozisyon pou ranfòse Pwogram Kominote ki Favorab pou Lojman an ap fè sètifikasyon an vin yon egzijans pou lokalite nan tout eta a gen aksè nan kèk finansman diskresyonè

Gouvènè a revele tou nouvo estrateji pou konbat diskriminasyon kont moun k ap aplike pou lojman yo avèk Koupon Seksyon 8 yo ak Founisè lojman nan pri abòdab k ap chèche asirans yo

Nouvo zouti anliy lan ap senplifye epi rasyonnalize pwosesis rechèch lojman nan pri abòdab

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwochen faz estrateji alontèm li a pou ogmante apwovizyonman lojman nan pri abòdab nan kad diskou li a sou Sityasyon Eta a an 2024. Pandan Gouvènè a ap kontinye objektif alontèm li a pou ogmante apwovizyonman lojman nan tout eta a, Diskou sou sityasyon Eta a an 2024 la ap konsantre sou bezwen ijan pou konstui plis kay nan Vil New York. Sa ap genyen ladan l lejislasyon pou ensite konstriksyon nouvo lojman; ankouraje pwojè konvèsyon biwo yo pou enkli lojman nan pri abòdab; pèmèt Vil la depase limit pousantaj sifas sòl zòn nan kote sa apwopriye; epi legalize apatman nan sousòl ak kav yo. Gouvènè Hochul revele tou yon plan pou konstui jiska 15,000 nouvo inite lojman sou teren Eta a posede nan tout eta a, ranfòse pwogram Kominote ki Favorab pou Lojman an atravè eta a, epi

konbat diskriminasyon kont Nouyòkè ki gen revni ki ba ak modere yo ak founisè lojman nan pri abòdab yo.

“Depans lwaye ak ipotèk ki wo nan nivo endesan yo se akòz rate eksèsif lojman nan New York. Se yon nan fòs ki fè moun pati kite eta a,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “An nou onèt ak Nouyòkè yo: sèl bagay k ap rezoud kriz lojman nan pri abòdab la se konstui plizyè santèn milye lojman. Nouyòkè yo fatige ap tann, e mwen menm tou.”

Ansanm, pwopozisyon sa yo apiye angajman Gouvènè a pou abòde kriz lojman New York la lè li bay lokalite yo zouti yo bezwen pou ogmante apwovizyonman lojman yo, pwoteje lokatè aktyèl ak potansyèl yo, epi rann li pi fasil ke jamè pou Nouyòkè yo gen aksè epi aplike pou lojman nan pri abòdab.

Ensute konstriksyon nouvo lojman, ki enkli lojman nan pri abòdab

Ekspirasyon pwogram rediksyon enpo 421-a a an 2022 te mete arisk konstriksyon yon estimasyon 30,000 inite lojman nan Vil New York. Pou evite pèdi plizyè milye inite konstriksyon ki deja nan konstriksyon, Gouvènè Hochul te lanse yon pwogram pilòt nan jiyè 2023 pou replike benefis ak obligasyon pwogram 421-a a pou pwojè ki sitiye nan zòn rezonaj Gowanus la nan Brooklyn ki te deja apwouve nan pwogram rediksyon taks la lè li te ekspire a. Jiska desanm 2023, pwogram Gowanus a te resevwa 19 aplikasyon ki te ka rapòte jiska 5,500 inite lojman, ki enkli 1,400 inite lojman nan pri abòdab.

Pou ede Vil la debloke potansyèl pou plizyè milye inite lwaye anplis, Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon an pou pèmèt Vil New York ofri yon rediksyon enpo pou nouvo konstriksyon lwaye pou ranplase pwogram 421-a ki ekspire a. Gouvènè a ap pwopoze tou yon ekstansyon ekspirasyon dat limit la nan tout vil la pou pwogram 421-a ki ekspire a pou asire ke Vil la pa pèdi plizyè dizèn milye inite lojman ki ankou ki apwouve aktyèlman nan pwogram sa.

Ankouraje Lojman nan pri abòdab nan Konvèsyon Biwo yo

Konvèsyon biwo an inite rezidansyèl yo rekonèt bezwen k ap ogmante pou lojman rezidansyèl ak enpak ekonomik travay adistans genyen sou imobilye komèsyal nan Vil New York. Pandan pwojè konvèsyon biwo yo ap reyalize, Vil New York ak Eta New York ap kontinye bay pri abòdab priyorite.

Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon an pou pèmèt Vil New York ofri yon ensitasyon finansye pou konstriksyon inite lojman nan pri abòdab nan pwojè konvèsyon biwo yo.

Pèmèt Vil la Depase Restriksyon ki gen Rapò ak Pousantaj Sifas Sòl la

Pandan plizyè deseni, Eta New York te plase yon limit sou dansite rezidansyèl la nan Vil New York lè li limite pousantaj sifas sòl la a 12.0, ki rann li difisil pou konstui nouvo lojman nan senk awondisman yo. Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon an pou pèmèt Vil New York leve limit sou pousantaj sifas sòl la pou kèk pwojè pou maksimize konstriksyon lojman, ki enkli konstriksyon lojman nan pri abòdab.

Legalize apatman nan sousòl ak kav yo

An 2021, Ouragan Ida te bay yon rapèl trajik de bezwen pou legalize apatman nan sousòl ak kav yo, yon sous lojman nan pri ki abòdab enpòtan nan Vil New York. Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon an pou pèmèt Vil New York konvèti apatman nan sousòl ak kav ki egziste yo an inite legal pou ogmante apwovizyonman an epi kenbe rezidan yo an sekirite.

Akselere redevlopman sit Eta a posede yo pou lojman

Nan kad yon pake Mezi Egzekitif ki vize pou ogmante apwovizyonman lojman nan tout eta New York, Gouvènè Hochul te siyen Dekrè Egzekitif 30 lan an jiyè 2023 ki mandate tout antite Eta a verifye teren ki nan pwopriyete ak kontwòl yo pou detèmine si yo ta ka itilize pou konstui oswa sipòte nouvo lojman. Apre Dekrè Egzekitif Gouvènè a, ajans eta yo te idantifye sit piblik atravè Eta New York yo ke yo ki ta ka akomode jiskan 15,000 nouvo inite lojman, ki enkli ansyen etablisman koreksyonèl yo, zòn ki toupre estasyon transpò tren banlye yo, ak pwopriyete SUNY yo.

Gouvènè Hochul te pwopoze yon fon kapital 500 milyon dola pou sipòte devlopman sit sa yo pou lojman epi k ap chèche yon afektasyon nan kad Bidjè Egzekitif li a.

Ranfòse Pwogram Kominote ki Favorab pou Lojman an

Dekrè Egzekitif Gouvènè Hochul la pou ogmante apwovizyonman lojman an te tabli tou Pwogram Kominote ki Favorab pou Lojman an pou rekonèt epi rekonpanse minisipalite k ap travay aktivman pou debloke potansyèl lojman yo epi ankouraje lòt yo fè menm bagay la. Dapre pwogram ki egziste a, lokalite ki te debloke kwasans lojman ki reyisi oswa ki angaje pou pran mezi ki enpòtan pou sipòte lojman, tankou lè yo rasyonnalize pèmi epi adopte politik ki favorab pou lojman, epi ki te aplike epi soumèt done lojman ak zonaj ki enpòtan pou eta a, t ap resevwa yon sètifikasyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ki ta ba yo priorite pou resevwa jiska 650 milyon dola finansman diskresyonèl eta a. Pwogram finansman diskresyonèl yo genyen ladan yo:

- Inisyativ revitalizasyon anba lavil la, ke Depatman Deta (Department of State) la administre;
- NY Forward, ke Depatman Deta a administre;
- Fon Kapital Konsèy Rejyonal la, ke Empire State Development administre;
- Ri Prensipal New York, ke Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York administre;
- Sibvansyon kapital Mache New York ke Empire State Development administre;
- Fon Envestisman Long Island, ke Empire State Development administre;
- Fon Momentum Mid-Hudson, ke Empire State Development administre; ak
- Pwogram Ranfòsman Modènizasyon Transpò Piblik ke Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) administre

Gouvènè Hochul te pwopoze ranfòse Pwogram Kominote ki Favorab pou Lojman an lè li fè sètifikasyon an yon egzijans pou lokalite yo gen aksè nan sous finansman yo, k ap ogmante motivasyon pou kominote yo vin patnè ki aktif nan konstriksyon lojman ki nesèsè pou sipòte fanmi yo epi soutni pri ki abòdab ak kwasans.

Konbat diskriminasyon lojman kont moun k ap aplike pou lojman nan pri ki abòdab ak founisè yo

Koupon Chwa Lojman Seksyon 8 la bay asistans federal pou lokatè ak pwopriyetè yo ki pèmèt fanmi ki gen nivo revni ki fèb ak modere nan Eta New York yo lwe oswa achte kay ki desan, ki sekirize. Byenke sa kont lwa Eta a pou yon founisè lojman oswa yon pwofesyonèl imobilye fè diskriminasyon ki baze sou sous revni – ki enkli itilizasyon koupon Seksyon 8 yo – gen diskriminasyon ki toujou fèt epi sa afekte kapasite anpil fanmi ki gen revni ki fèv epi modere pou jwenn lojman ki estab ke yo ka peye.

An menm tan, lojman ki nan pri abòdab yo souvan gen plis difikilte pou sekirize asirans nan pri ki rezonab pase lojman ki nan pri mache a. Dapre yon rapò Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) ak HCR te pibliye nan mwa novanm pase a, prim asirans pou lojman nan pri ki abòdab yo te ogmante a 43 pousan ant 2019 ak 2021. Depans prim ki wo pou lojman nan pri abòdab yo ka pase sou lokatè yo; diminye kalite ak frekans sèvis imèb, mentnans, ak reparasyon; epi finalman anpeche yo konstui oswa prezève llojman nan pri abòdab.

Gouvènè Hochul ap mande Divizyon Dwa Moun Eta New York (New York State Division of Human Rights), nan patenarya ak HCR, pou lanse yon nouvo inite aplikasyon ki konsakre pou rezolisyon rapid plent konsènan diskriminasyon lojman ki lye ak Koupon Chwa Lojman Seksyon 8 yo. Inite Entèkansyon Prekòs sa ta ede rezoud pwoblèm ak kote ki afekte moun ak fanmi yo a lojman ki disponib ke yo te refize aksè nan fason ki inadmisib a koupon yo.

Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon an tou pou entèdi konpayi asirans yo poze kesyon oswa konsidere sous revni lokatè yo, egzistans inite lojman nan pri abòdab, oswa resi asistans lojman gouvènmantal nan desizyon pou bay oswa kontinye bay asirans pou pwopriyete rezidansyèl yo. Pwojè lwa a ta entèdi konpayi asirans yo tou pou ogmante prim yo baze sou sous revni, egzistans inite nan pri abòdab, oswa resi asistans lojman gouvènman an.

Senplifye pwosesis rechèch lojman nan pri abòdab la

Gouvènè Hochul te mande HCR devlope yon nouvo resous piblik pou rasyonnalize pwosesis rechèch lojman nan pri abòdab la epi rann li pi fasil pou moun k ap aplike pou lojman yo jwenn kay ki sekirize, estab, nan pri ki abòdab. Sitwèb la ap ede Nouyòkè yo jwenn inite nan pri ki abòdab Eta a finance, detèmine si yo kalifye, epi aplike pou inite sa yo, tout sa, yon sèl kote. Moun k ap aplike pou lojman yo ap kapab chèche dapre bezwen yo, ki enkli kay ki aksesib, kay pou ansyen militè, ak pou sivivan vyolans domestik yo.

Nouvo resous sa ap apiye ajennda Gouvènè Hochul pou amelyore eksperyans kliyan pou tout Nouyòkè epi rann li pi fasil pou gen aksè nan benefis ak sèvis vital gouvènman yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418